WIKIPÉDIA

Basa Aukaans

Basa Ndyuka, kang uga diarani *Aukan*, *Okanisi*, *Ndyuka tongo*, **Aukaans**, *Businenge Tongo* (ana kang nganggep jenengé iki ora apik), **Kréol Marun Wétan**, utawa *Nenge* iku basa kréol Suriname kang panyaturé diarani wong Ndyuka. Panyaturé basa iki éwoné wong Marun (biyèn diarani "Négro Rambit") kang digolongaké dadi enem lan manggon ing Républik Suriname lan salah sijiné wong Maroon kang ana ing tlatah Guyana Prancis. Ana 25 nganti 30 éwu panyaturé basa iki manggon ing pérangané nagara kang isih alas tropis. Ethnologue nyathet yèn ana rong basa kang magepokan kang diarani *Ndyuka*.

Ndyuka

Aukan

Ndyuka ditulis nganggo aksara Afaka

Asal	Suriname, Guyana Prancis
Ètnis	Ndyuka, Aluku, Paramaka
Panyatur asli	ora weruh (34,000 ing 1980–2011)[1]
Kulawarga basa	Kréol Inggris ▪ Atlantik ▪ Suriname ▪ **Ndyuka**
Dhialèk	Aluku
Aksara	Aksara Afaka
Kodhe basa	
ISO 639-3	`djk`
Glottolog	`ndyu1242 (http://glottolog.org/resource/languoid/id/ndyu1242)`[2]
Linguasphere	`52-ABB-ay (varieties: 52-ABB-aya to -aye)`

Ortografi

Ortografiné basa Aukaans saiki béda karo ortografiné biyèn kang dhedhasar basa Walanda, ya iku *u* ditulis *oe* lan *y* ditulis *j*. Dhigraf *ty* lan *dy* diucapaké kaya cara Jawa *c* lan *j*. Cengkungé arang ditulis kajaba *ná* ("ora"). Ing taun 1908, aksara Afaka dirigeni kanggo nulisaké basa Aukaans.

Dhialèk

Basa Aukaans utawa Ndyuka nduwéni telung dhialèk: Ndyuka sajati (utawa *Okanisi*), basa Aluku, lan basa Paramaka, kang béda ètnis.

Sajatiné, basa Kwinti uga béda saka basa Aukaans, nanging isih digolongaké basa "Ndyuka".

Rujukan

1. Ndyuka (http://www.ethnologue.com/language/djk) ing *Ethnologue* (éd. ka-18, 2015)
2. Hammarström, Harald; Forkel, Robert; Haspelmath, Martin, eds. (2017). "Ndyuka = Aukan" (http://glottolog.org/resource/languoid/id/ndyu1242). *Glottolog 3.0*. Jena, Jerman: Max Planck Institute for the Science of Human History.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Aukaans&oldid=1434548"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 02.37, 8 Maret 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.